# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–16 मार्च 2025 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहले हवें कि लोकतंत्र क चउथा स्तम्भ के रूप में मीडिया के मान्यता दीहल गइल हौ। मीडिये लोकतंत्र के प्रति सजग प्रहरी के रूप में सबसे महत्वपूर्ण मुद्दा के ओरि आकरसित कइ के अउरियो तीनि स्तम्भ के कउनों न कउनों रूप में झकझोरे ले। उहां के कहलीं कि कउनों कारण से छूटि गइल मुद्दा के सही तथ्य के साथे प्रस्तुत कइ के मीडिया ओके जनसरोकार से जोड़े ले। मीडिया क भूमिका पूरा दुनिया में समय–समय पर अलगि–अलगि रूप में देखे के मिलल हौ। दुनिया में सब बड़हन आयोजन महाकुंभ दुइ हजार पचीस के सफलता में मीडिया क जोगदान सराहनीय रहल हौ।

***इतने बड़े आयोजन के रूप में दुनिया के सबसे बड़े आयोजन के रूप में बदलने का काम मीडिया के सकारात्मक लेखनी ने किया है। और जब कोई आयोजन बड़ा होता है तो उसके भी परिणाम बहुत आयामी होते हैं। समाज को जोड़ने का आधार बना है एक भारत श्रेष्ठ भारत का तो आधार बना ही है लेकिन संस्कृति भी स्मृद्धि का कारण बन सकती है। आस्था भी आजीविका का माध्यम बन सकती है यह आपने देखा होगा। पहली बार यह भी देखने को मिला है।***

मुख्यमंत्री आजु गोरखपुर में आयोजित गोरखपुर जर्नलिस्ट प्रेस क्लब क नया कार्यकारिणी के सपथ ग्रहण समारोह में पत्रकार लोगिन अउर प्रबुद्धजन के सम्बोधित करत रहलें।

मुख्यमंत्री कहलें कि आजु नौजवान पीढ़ी सबसे जियादा सोसल मीडिया क उपयोग कइ रहलि हौ काहें से कि उनके लग्गे समय कम हौ। अइसन में मीडिया संस्थान क जिम्मेदारी अउरियो बढ़ि गइल हौ कि ऊ सकारात्मक चीज पहुंचावें। कुछु लोगि सोसल मीडिया प्लेटफारम क दुरूपयोग कइ के नकारात्मकता फइलवले क कार कइ रहल हवें। अइसन में मीडिया जगत अपने जवने भूमिका बदे जानल जाले, ओही भूमिका के साथे ओके आगे बढ़े के होई। उहां के भरोसा दिहलीं कि मीडिया क सकारात्मक पहल अउर जरूरति के पूरा करे बदे सरकार उनके साथे हौ।

***मीडिया में इस सकारात्मक भूमिका को आगे बढ़ाने के लिए जिस भी प्रकार की सहयोग की आवश्यकता पड़ेगी सरकार आपके साथ खड़ी होगी क्योंकि वह अंततः समाज से जुड़ा हुआ कोई भी कार्य यह सरकार का ही कार्य होता है। जो भी इस प्रकार की पहल होगी जिससे समाज कल्याण का कार्य प्रसस्त होता है उसमें सरकार की थोड़ी सकारात्मक भूमिका के साथ सहयोग प्राप्त होगा।***

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखनाथ मंदिर में आयोजित जनता दरसन कार्यक्रम में कई गो समेस्या ले के आइल डेढ़ सौ से बेसी लोगिन क समेस्या सुनलें अउर सम्बन्धित अधिकारियन के ओकर जल्दिये निपटारा क निरदेस दिहलें। मुख्यमंत्री कहलें कि सरकार सबकर विस्वास, सबकर विकास के संकल्प के साथे कार कइ रहलि हौ। मुख्यमंत्री अधिकारियन के निरदेस दिहलें कि जरूरतमंद लोगन के सरकार के योजना क लाभ पहुंचावल जाय अउर उन्हें विकास के मुख्य धारा से जोड़ल जाय। जनता दरसन के दौरान परिजनन के इलाज बदे आरथिक सहायता मांगे पहुंचल लोगिन के मुख्यमंत्री भरोसा दिहलें कि सरकार हर जरूरतमंद के साथे हौ। केहू के इलाज में कउनों परसानी नाहीं होई, सबके आरथिक सहायता उपलब्ध करावल जाई।

**********

भारतीय जनता पारटी आजु प्रदेस क जिलाध्यक्ष अउर महानगर अध्यक्ष के नांव क घोसणा कइ दिहले हौ। पारटी कई जिलन क जिलाध्यक्षन के बदलि दिहले हौ जबकि कुछु जगहिनि पर पुराने जिलाध्यक्ष के दोबारा मौका दीहल गइल हौ। येह बेरि संगठन में महिलो लोगिन क हिस्सेदारी बढ़ावल गइल हौ। कई जिलन में महिला के जिलाध्यक्ष बनावल गइल हौ। गोरखपुर क जिलाध्यक्ष जनार्दन तिवारी पर पारटी फेर से भरोसा जतवले हौ। ओहीं, महानगर अध्यक्ष क जिम्मेदारी देवेश श्रीवास्तव के दीहल गइल हौ। येही तरियन आजमगढ़ से ध्रुव कुमार सिंह, लालगंज से विनोद राजभर, संतकबीरनगर से नीतू सिंह, महराजगंज से अशोक उर्फ संजय पाण्डेय, मऊ से रामाश्रय पाण्डेय, कुशीनगर से दुर्गेश राय, बस्ती से विवेकानन्द मिश्र अउर बलिया से संजय मिश्रा के जिलाध्यक्ष बनावल गइल हौ।

ओहीं, विजय मौर्य के लखनऊ क जिलाध्यक्ष अउर आनंद द्विवेदी के महानगर अध्यक्ष बनावल गइल हौ। बहराइच से ब्रजेश पाण्डेय, गोण्डा से अमर किशोर कश्यप, श्रावस्ती से मिश्रीलाल वर्मा, प्रतापगढ़ से आशीष श्रीवासतव, गाजीपुर से ओम प्रकाश राय, हरदोई से दीपक मिश्रा, मछलीशहर से डॉक्टर अजय कुमार सिंह, सुल्तानपुर से सुशील त्रिपाठी अउर अमेठी से सुधांशु शुक्ला के जिलाध्यक्ष बनावल गइल हौ।

**********

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी येह महिन्ना के तीस तारीख के आकाशवाणी पर मन की बात कार्यक्रम के जरिया से देस–बिदेस के लोगिन के साथे आपन विचार साझा करिहें। ई मासिक रेडियो कार्यक्रम क एक सौ बीसवीं कड़ी होई। कार्यक्रम बदे लोगि आपन बिचार अउर सुझाव टोल फ्री नमबर एक आठ सुन्न सुन्न एक एक सात आठ सुन्न सुन्न के जरिया से दे सके लें।

**********

आजु देसभर में राष्ट्रीय टीकाकरण दिवस मनावल जा रहल हौ। ई दिवस टीकाकरण के महातम के प्रति जागरूकता बढ़ावे बदे हर सालि सोरह मार्च के मनावल जाला।

**********